दिन—गुरू | दिनांक—02.05.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ | अवधिः—05 मिनट

---

प्रदेश मे तेसर आ चारिम चरणक लोकसभा चुनावक लेल प्रचार अभियान चरम पर अछि। विभिन्न राजनीतिक दलक नेता लोकनि अपन—अपन प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे जनसभा आ रोड शो कऽ मतदाता लोकनि के अपन पक्ष मे करबाक लेल लागल छथि। निर्दलीय प्रत्याशी लोकनि सेहो अपन क्षेत्र मे लगातार जनसंपर्क अभियान चला रहल छथि। एम्हर, जदयूक अध्यक्ष आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आई सुपौल, मधेपुरा आ बेगूसराय मे एनडीए प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री कुमार अपन कार्यकालक उपलब्धि के चर्चा करैत कहलनि जे हुनक सरकार पंचायत चुनाव मे महिला लोकनि के पचास प्रतिशत आरक्षण देलक अछि। एम्हर, राजदक वरिष्ठ नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आइ समस्तीपुर, अररिया आ सहरसा लोकसभा क्षेत्र सभ मे पार्टी प्रत्याशी लोकनिक पक्ष मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री यादव कहलनि जे हुनक सरकारक शासनकाल मे मात्र सत्रह मासक अवधि मे पाँच लाख युवा लोकनि के लेल सरकारी नौकरी के व्यवस्था कयल गेल। संगहि हुनक द्वारा कयल गेल व्यवस्था सँ तीन लाख आओर युवा लोकनिक लेल नौकरी के व्यवस्था कयल जा रहल अछि।

---

भाजपाक वरिष्ठ नेता आ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी विपक्षी दल सभ पर धर्मक आधार पर भोट के बांटबाक आरोप लगौलनि अछि। श्री मोदी आइ गुजरात आणंद में एक चुनावी रैली के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे इंडी गठबंधनक दल भोट बैंकक राजनीति के कारण लोकतंत्र आ संविधानक अपमान कऽ रहल छथि।

---

भारतीय जनता पार्टीक अध्यक्ष जे.पी. नड्डा आइ अररिया आ मुजफ्फरपुर मे पार्टी प्रत्याशी लोकनिक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री नड्डा विपक्षी दलक नेता लोकनि पर आरोप लगबैत कहलनि जे ओ लोकनि लोकसभ के भ्रमित कऽ रहल छथि। श्री नड्डा कहलनि जे कखनहुँ भ्रष्टाचारक विरूद्ध अपन राजनीतिक जीवन के शुरूआत

करऽबला राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद यादव आइ भ्रष्टाचार मे आकंठ धरि डूबल छथि। ओ कहलनि जे राजदक मतलब आइ रिश्वतखोरी, जंगलराज आ दलदल भऽ गेल अछि।

———————————————————————————

एम्हर, पार्टीक वरिष्ठ नेता आ रक्षामंत्री राजनाथ सिंह सारण मे पार्टी प्रत्याशी राजीव प्रताप रूढ़ी आ सुपौल मे एनडीए सँ जदयू प्रत्याशी दिलेश्वर कामैत के पक्ष मे जनसभा के सम्बोधित कयलनि। श्री सिंह कहलनि जे विपक्षी दल सभ आरक्षण धर्म आ संविधानक नाम पर लोकसभ के भ्रमित करबाक प्रयास कऽ रहल अछि। ओ विरासत कर पर कांग्रेसक एक नेता द्वारा देल गेल बयानक आलोचना कयलनि। श्री सिंह लोकसभ सँ कांग्रेस आ राजदक शासनकालक पछिला अनुभव के देखैत एनडीए प्रत्याशी लोकनिक पक्ष मे मतदान करबाक अपील कयलनि।

———————————————————————————

कांग्रेसक राष्ट्रीय प्रवक्ता आलोक शर्मा कहलनि अछि जे एहि लोकसभा चुनावक दू चरणक बादे सँ प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी हताशा मे छथि। आइ समस्तीपुर मे संवाददाता लोकनि सँ श्री शर्मा कहलनि जे एहि बेरक चुनाव मे केन्द्र सँ एनडीए सरकार के जायब निश्चित अछि। ओ दावा कयलनि जे बिहार मे इंडी गठबंधन के तीस सीट पर जीत हासिल होयत।

———————————————————————————

सारण लोकसभा सीट सँ भाजपा उम्मीदवार राजीव प्रताप रूडी आइ अपन नामांकन पर्चा दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर एनडीए के कतेको नेता लोकनिक उपस्थित छलाह। नामांकन सँ पहिने श्री रूडी छपरा मे रोड शो सेहो कयलनि। एम्हर, लोक जनशक्ति पार्टी रामविलास के राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवान हाजीपुर लोकसभा क्षेत्र सँ नामांकन पत्र भरलनि। ओतहि, पश्चिम चंपारण सँ इंडी गठबंधन सँ राजद प्रत्याशी दीपक यादव आ मधुबनी सँ भाजपा प्रत्याशी अशोक कुमार यादव नामांकन पत्र भरलनि।

———————————————————————————

पद्म पुरस्कार दू हजार पचीसक लेल ऑनलाइन नामांकन आ अनुशंसाक प्रक्रिया शुरू भऽ गेल अछि। नामांकनक अंतिम तिथि पन्द्रह सितम्बर दू हजार चौबीस अछि। एहि पुरस्कारक लेल नामांकन आ अनुशंसा ऑनलाइन प्राप्त कयल जायत। ई पुरस्कार कला, साहित्य तथा शिक्षा, खेल, चिकित्सा, सामाजिक कार्य, विज्ञान आ इंजिनियरिंग, सार्वजनिक

मामिला, सिविल सेवा, व्यापार आ उद्योग सहित सभ विषय मे विशिष्ट आ असाधारण उपलब्धि सभक लेल देल जायत अछि।

———————————————————————

प्रदेशभरि मे भीषण गर्मी आ लू चलि रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार आइ सुपौल आ अररिया जिला मे भीषण लू के स्थिति बनल अछि। ओतहि, भागलपुर, पूर्णियां, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, खगड़िया, बांका आ शेखपुरा जिला मे सेहो किछु ठाम लू के स्थिति बनल अछि। विभागक अनुसार बेसी ठामक उच्चतम तापमान बियालीस डिग्री सेल्सियस सँ उपर पहुँचि गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला दू दिनक बाद राज्यक उच्चतम तापमान मे दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि कमी आबि सकैत अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिलाक लौकहा थाना क्षेत्र अंतर्गत एनएच दू सय सत्ताईस पर अग्निशमन विभागक एक वाहन के चपेट मे अयला सँ एक गर्भवती महिला के मृत्यु भऽ गेलनि। एहि हादसा मे दू गोटे घायल सेहो भऽ गेला।

———————————————————————

भोजपुर जिलाक कोइलवर थाना क्षेत्र अंतर्गत कमालूचक घाट पर बालू माफिया के मध्य आपसी वर्चस्व मे भेल गोलीबारी मे दू मजदूर के मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————————

गोपालगंज जिलाक हथुआ थाना क्षेत्र सँ पुलिस डकैती के योजना बना रहल सात अपराधी के गिरफ्तार कयलक अछि। गिरफ्तार अपराधी सभक लऽग सँ हथियार सेहो बरामद कयल गेल अछि।

———————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।